

So Edikasyon nan De Lang Eta Nouyòk (New York State Seal of Biliteracy)

Ou ka pale plis pase yon lang? Oswa w ap aprann yon lòt lang? Pale ak lekòl ou a sou So Edikasyon ki Fèt nan De Lang Eta Nouyòk la!

Kisa So Edikasyon nan De Lang Eta Nouyòk la ye (NYSSB)?

So Edikasyon nan De Lang Eta Nouyòk la (NYSSB) rekonèt elèv segondè gradye nan lekòl segondè ki kapab tandè, pale, li ak ekri ann Anglè ak omwen yon lòt lang. NYSSB a disponib pou nenpòt elèv ki nan dènnye ane ki ranpli kondisyon pou yon diplòm epi ki kapab demontre konpetans yo nan lang Anglè ak yon lòt lang. Moun ki genyen l yo ap resevwa yon so sou diplòm yo ak yon meday y ap mete nan lè yo gradye.

Ki avantaj NYSSB a?

- Ranfòse relve nòt ak diplòm lekòl segondè
- Ranfòse aplikasyon pou fakilte
- Kenbe epi devlope konpetans nan lang lakay ou
- Prepare pou karyè nan yon sosyete mondyal
- Selebre idantite kiltirèl ak konpetans bileng
- Jwenn aksè a kredi pou aprantisaj anvan nan fakilte ou chwazi yo



Kiyès ki kalifye?

Nenpòt elèv nan yon lekòl ki ofri So edikasyon ki fèt nan de lang Eta Nouyòk ka resevwa l si yo konnen oswa ap aprann Anglè ak yon lòt lang. Sa gen ladan l elèv ki pale yon lòt lang lakay yo oubyen ki etidye yon lang etranje nan lekòl. Lekòl yo dwe enskri pou patisipe anvan janvye chak ane.

Kòman mwen ka resevwa NYSSB?

- ✓ Ranpli tout kondisyon pou yon **diplòm Regents Eta Nouyòk**

AK

- ✓ Resevwa omwen **twà pwen nan Anglè** epi
- ✓ Resevwa omwen **twà pwen nan lòt lang etranje**.



Ale sou bit.ly/NYCPS-Biliteracy
pou w aprann plis.

Gen diferan fason pou w resevwa pwen sa yo, tankou bon nòt nan kou lang, bon rezilta nan egzamen, oubyen konplete Pwojè Capstone Biliteracy la.

Kijan mwen ka konnen si lekòl mwen an ofri So edikasyon nan de lang nan?

Ou ka konnen si lekòl ou a ofri pwogram nan lè w ale sou schools.nyc.gov/NYSSB.

E si lekòl mwen an pa ofri NYSSB a?

Pale ak pwofesè lang etranje ou a, kowòdonatè paran w lan oswa direktè lekòl ou a pou w aprann kijan pou w kòmanse oswa voye yon imèl bay NYSSB@schools.nyc.gov.

Èske NYSSB a bay kredi pou fakilte?

Wi gen kèk fakilte ki ofri kredi oswa plasman avanse pou NYSSB.

Aprann ki etablisman CUNY ki ofri Kredi anavan Aprantisaj: bit.ly/CUNYNYSSB

Kontakte fakilte oswa inivèsite ou ta renmen ale a pou w aprann plis.

Ou gen kesyon? Kontakte lekòl ou a oswa voye yon imel nan NYSSB@schools.nyc.gov.